*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 119 (25848)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 6 июл — сусæны мæйы 6 бон, цыппæрæм** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** АУДЫНАД
***Фæлладуадзæн тæлмытæ — районты***

**3** НÆ БÆРÆГБÆТТÆ
***Хетæджы Уастырджи***

**4** ЮБИЛЕЙОН ИЗÆР
***Музыкалон аивады бынтæ хъахъхъæнæг***

**Хицауады æмбырдæй**

## Дарддæры социалон-экономикон райрæзты мадзæлттæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым бæстон æркастæуыд Цæгат Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзты мадзæлтты пълан æххæст кæныны фарстамæ (зындгонд куыд у, афтæмæй ацы ахсджиаг гæххæтт фидаргонд æрцыд УФ-йы Хицауады уынаффæйæ).**

Зæрдыл æрлæууын кæнынæн: амынд мадзæлтты пъланмæ хаст æрцыдысты æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, фæндагон комплексы, культурæйы, спорт æмæ иннæ къабæзты ахсджиаг социалон объектты арæзтад æмæ бындурон цалцæджы проекттæ.

Ныртæккæ уыцы мадзæлтты пъланы ис 112 уагæвæрды. Фыццаг къæпхæныл пъланмæ бахастой социалон-экономикон райрæзты 49 алыхуызон мадзалы. Фæстæдæр ма уыдонмæ бафтыдтой, Беслæны дарддæры райрæзты генералон пъланы мадзæлттæ дæр. Уымæй уæлдай, æрæджы республикæйы дарддæры социалон-экономикон райрæзты мадзæлтты пъланмæ бафтыдтой Мæздæджы æмæ Горæтгæрон районы проекттæ дæр.

— Амынд 112 уагæвæрдæй 9 проекты ныридæгæн æххæстгонд æрцыдысты, 44 объектыл ныртæккæ кусынц подрядон организацитæ. Иннæ объекттæ æмæ нысантыл куыстытæм бавналыныл дæр ныртæккæ куыст цæуыу. Зæгъæм, пъланмæ хаст Беслæны 15 уынджы бындурон цалцæг райдайынæн агуырд финансон гуырæнтæ. Æмткæй райсгæйæ, бæрæг у, Цæгат Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзты мадзæлтты пълан уæлдай ахсджиаг гæххæтт кæй у, уый. Республикæйы цæрджытæй бирæтæ ныридæгæн пайда кæнын райдыдтой, пъланы мадзæлттæ æххæст кæнгæйæ, муниципалитетты цы ног социалон кусæндæттæ — поликлиникæтæ, амбулаторитæ, рæвдауæндæттæ, скъолатæ æмæ афтæ дарддæр — фæзынд, уыдонæй. Уыимæ, æппæт профилон ведомстватæ æмæ муниципалитетты разамонджытæй курæг дæн, цæмæй фыццаградон цæстдард уа, пъланмæ хаст объекттыл арæзтадон æмæ цалцæггæнæн куыстытæ куыд цæуынц, уымæ, — фæнысан кодта Дзанайы-фырт.

Цæгат Ирыстоны æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан** йæ дзуаппон раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æрæджы ахицæн Горæтгæрон районы Центрон рынчындоны поликлиникæйы рацарæзт, дарддæр куыст цæуыу æнæниздзинад хъахъхъæнынады 2 объектыл — поликлиникæйы цалцæгыл æмæ тагъд медицинон æххуысы станцæйы арæзтадыл (дыууæ дæр — Рахизфарсы районы).

Æмбырды дзуаппон докладтæ скодтой æндæр министрадты бæрнон кусджытæ дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Цæгат Кавказ**

# Федералон зылды æдасдзинад æмæ æхсæнадон фæткы нывылад, æвзæрстытæ æмæ æндæр фарстатæ

**Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий ЧАЙКА цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым Цæгат Ирыстонæй архайдта Республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Видеоконференцийы бастдзинады фæрцы цы фембæлд уыд, уый архайджытæ се 'ргом аздæхтой федералон зылды регионты æхсæнадон æдасдзинад æмæ баradон фæтк хъахъхъæныны, бынæттон хиуынафæйад æмæ регионалон къæпхæны æвзæрстытæм цæттæ кæнын æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæм.

Æмбырды райдайæны Юрий Чайка куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй украинаг сæрмагонд службæтæ æмæ националистты къордтæ ныгуылæйнаг бæстæты ардыдæй æппæт фадæттæй дæр архайынц, цæмæй Уæрæсейы адæмы сабыр цард фехæла.

— Зындгонд куыд у, афтæмæй Президент Владимир Путины сæрмагонд Указæй паддзахадон арæнмæ 'ввахс уæрæсейаг регионты æвæрд æрцыд алы æнæнхъæлæджы цаутæм цæттæдзинады бындурон фæтк. Уый уагæвæрды бындурыл Цæгат Кавказы федералон зылды регионты дæр арæзт цæуынц уæлæмхасæн мадзæлттæ, цæмæй адæм æмæ фæзуæттæ ахадгæ хуызы хъахъхъæд цæуой алыхуызон æнæнхъæлæджы цаутæ æмæ фыдбылызтæй, — бафиппайдта Президенты минæвар.

Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты разамонджытæ æмæ профилон федералон ведомстватæ бæрнон кусджытæй уæлдай, æмбырды архайдтой æмæ раныхас кодтой Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгаткавказаг зылды командæгæнæг **Сергей Захаров** æмæ федералон службæ "Ростехнадзор"-ы кавказаг управленийы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Марат Джанибеков**.

Боны фæткы фарстаты фæдыл хаст æрцыдысты бæлвырд уынаффæтæ. Барадхъахъхъæнæг æмæ тыхы ведомстваты минæвæрттæн лæвæрд æрцыд уæлæмхасæн амынддзинæдтæ.

Амынд уæрæх æмбырды фæстæ Юрий Чайкайæн фембæлд уыд, Уæрæсейы Президенты номыл алыхуызон куырдиæттæ чи балæвæрдта, федералон зылды уыцы цæрджыты куырдиæттæ.

Уыцы фембæлдмæ кæй фæхуыдтой, уыдонæй иу уыд Цæгат Ирыстоны цæрæг **Данæ Бачалова**. Æрыгон сылгоймаг куыд рахабар кодта, афтæмæй йæ рæстæджы баззад æвæрæсæгæй. Æмæ ахæм адæймагæн паддзахады хардзæй цæрæнуат радтын кæй æмбæлы, уымæ гæсгæ йæ 2012 азы сæвæрдтой рады. Хъуыддаг кæй фæкъуыхцы, уыимæ бастæй Данæ йæ хъаст арвыста Президенты номыл.

Сæвзæргæ уавæрыл дзургæйæ, Сергей Меняйло куыд фехъусын кодта, афтæмæй Дзæуджыхъæуы Цæгат-Нигуылæйнаг муниципалон зылды цæрджыты социалон хъахъхъæнынады управленийы ныридæгæн сæрмагонд бадзырд бафыста Данæйæн фатер баххуырсыны тыххæй. "Июлы кæрон Данæ æрцæрдзæн йæ ног фатеры", — зæрдæ бавæрдта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

Уæлæмхасæн Сергей Меняйло куыд бафтыдта, афтæмæй республикæ дарддæр кусы сидзæр сывæллæттæн цæрæнуæттæ дæттыны программæйыл. Афтæ, 2023 азы кæронмæ цæрæнуæттæ хъуамæ райсой амынд къорды 70 адæймаджы.

**СЛАНТЫ Аслан**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Паддзахадон университет: абитуриентты куырдиæттæ исынмæ – цæттæ

**Ивгъуыд къуырийы кæрон Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты райдыдта 2023-2024 ахуыры азмæ фæсивæды куырдиæттæ исыны кампани.**

Университеты исæн къамисы бæрнон нымæрдар **Гаглойты Эвелинæ** журналисттæн куыд радзырдта, афтæмæй боныгон ахуыры хайæдтæм куырдиæттæ бадæттæн ис 15 июлы онг, фæсаууонмæ кæнæ коммерцион ахуыры хайæдтæм та — 20 июлы онг.

"Кæд къамис нырма цалдæр боны йеддæмæ нæма кусы, уæддæр ныридæгæн абитуриенттæй бирæтæ рагацау хæссынц сæ куырдиæттæ æмæ æндæр гæххæттытæ", — загъта Эвелинæ.

Къамисы минæвары ныхасмæ гæсгæ, ацы аз университетмæ боныгон ахуыры хайæдтæм студентты райсдзысты 12 дæсныйадмæ, фæсаууонмæ ахуыры хайæдтæм — 7 дæсныйадмæ, фæсаууонмæ, коммерцион ахуыры хайæдтæм та — 16 дæсныйадмæ.



Уыимæ, университеты студент суæвын чи сфæнд кодта, уыцы абитуриенттæн ис иуæй-иу льготæтæ фæлварæнты рæстæг. Зæгъæм, сæрмагонд астæуккаг ахуырадон кусæндæттæ æвзист кæнæ сыгъзæрин майданимæ каст чи фæци, уыдонæн фадат ис равзæрст дæсныйадмæ æрмæстдæр иу (номхыгъды фыццаг чи цæуы) фæлварæн радтынæн.

"Абитуриентты къордтæн фидаргонд æрцыдысты æндæр зæрдæдарæнтæ дæр", — радзырдта исæн къамисы нымæрдар.

**(Информацион агентад "Рес")**

**Æнæнхъæлæджы уавæртæм — цæттæ**

# Цæмæй донивылдтытæй æдас уæм

**Цæгат Ирыстоны сæрмагонд пъланы бындурыл дарддæр æххæстгонд цæуынц республикæйы цæрæн бынæттæ донивылдтытæй бахъахъхъæныны куыстытæ. Уыцы архайдмæ иудадзыгон цæстдард ис РЦИ-Аланийы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады 'рдыгæй.**

Афтæ, Æрдзхъахъхъæнæн программæ æххæст кæныны фарстаты фæдыл дирекцийы разамонæг **Чсиаты Руслан** куыд зæгъы, афтæмæй донивылдтытæ ма 'руадзынæн хъæугæ сæрмагонд арæзтадон техникæ ныридæгæн æрвыст æрцыд, тыхджын къæвдатæ æмæ донивылдтытæй уæлдай тæссагдæр кæм у, республикæйы уыцы цæрæн бынæттæм. Уым дирекцийы радгæс бригадтæ фидардæр æмæ сыгъдæгдæр кæнынц цæугæдæтты былгæрæттæ...

— Ныридæгæн уал ахæм куыстытæ бакодтам Дуры хъæумæ 'ввахс цæугæдоныл. Уыцы хъæуы 30 хæдзары уыдысты донивылдтытæй тæссаг тæлмы. Ныр специалистты архайды фæрцы уыцы хæдзæрттæн ахæм æрдзон фыдбылызæй тæссаг нал у. Сывæллæтты сæрдыгон лагер "Хæххон уæлдæф" (æрбынæттон Дзæуджыхъæуы Сапицкæйы будкæйы фæзуатыл). Уым дæр уалдзыгон тыхджын къæвдаты фæстæ суадоны былгæрæттыл бамбырд сты, дон цы бæлæсты къалиутæ æмæ æндæр быраеттæ фæласта, уыдон. Ныр суадоны былгæрæттæ сыгъдæггонд æрцыдысты, — радзырдта Руслан.

Дирекцийы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, цæугæдæтты былгæрæттæ сыгъдæггæнæг техникæйы иу хай ныр арвыстой Николаевскы станицæмæ. Техникæйы иннæ хай æмæ специалистты къордтæ та дарддæр кусынц Хуссайраг поселочы. Уым æндæр ведомстваты минæвæрттимæ дарддæр архайынц 18 июны тыхджын къæвдаты фæстиуджытæ аиуварс кæныны куыстыты. Уымæй уæлдай, специалиттæ архайынц Беслæнмæ 'ввахс Терчы былгæрæттæ фидардæргæнæн мадзæлттæ дæр. Амынд цæрæн бынатмæ 'ввахс цалцæггæнджытæ ныридæгæн рацарæзтой цæугæдоны былгæрæтты 600 метры бæрц. Уыцы объектыл куыстытæ ахицæн уыдзысты 2024 азы.

Сæрмагонд фæткы бындурыл донивылдтытæй хъахъхъæныны куыстытæ æххæстгонд цæудзысты æндæр бынæтты дæр.

**ДЗЫНЫХТЫ Аленæ, РЦИ-Аланийы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады пресс-службæ**

**Фæндагон хæдзарад**

## Горæты уынгты цалцæгæн

**Сæ тæмæны бацыдысты Дзæуджыхъæуы уынгты фæндæгты бындурон цалцæджы куыстытæ. Ацы азы пълантæм гæсгæ, рацараздзысты 36 горæтаг уынджы хицæн уадздзæттæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты администрацийы пресс-службæ.

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, амынд куыстытæн сæ фылдæр хай æххæстгонд æрцæудзæн нысанмæ арæзт федералон программæ "Æдас æмæ хæрзхъæд фæндæгтæ"-йы фæлгæты. Уымæй уæлдай, амынд нысантæн сæрмагонд фæрæзтæ дихгонд æрцыдысты муниципалон программæ "Дзæуджыхъæуы транспортон инфраструктурæ"-йы райрæзты фæлгæты дæр.

Хицæн уынгты кой куы кæнæм, уæд, зæгъæм, Коцойы-фырты уынджы рацараздзысты фæндаджы 1,3 километры, Стъарапойлаг уынджы та — 0,8 километры. Афтæ — иннæ горæтаг уынгты дæр.

**Нæ уацхæссæг**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы дыккаг æмбисæн

**Кæронмæ æрхæццæ кæны 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафыссдзысты сæ уарзон газет.**

**Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ уыдзæн ныр дæр.**

**2023 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1356 сомы; адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1106 сомы æмæ 82 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

**Газет рафыссæн ис 15 июлмæ.**

***Редакци***

**Дзырды фарн**

***Царды уæззау цалх тулы, тæригъæд никæмæн кæны, йæ быны чи фæвæйы, уый ныцъцъист кæны.***

ФÆРНИОН

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **6 июлы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **30-35 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **30-32 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,12 **Хурыскаст** — 04,28 **Хурныгуылд** — 19,40

Валютæйы аргъ **Доллар** — 89,67 ↑ **Евро** — 97,85 ↑

12+

Аудынад

# Фæлладуадзæн тæлмытæ — æппæт районты дæр

**Фидæн азы Цæгат Ирыстоны районтæй алкæцыйы центры фæлладуадзæн тæлмы дæр æрæвæрдзысты каркасон бассейнтæ. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Республикæйы разамонæг Финансты министрадæн бахæс кодта, цæмæй фидæн азы бюджеты сæрмагонд фæрæстæ снысан кæна ахæм бассейнтæ балхæнынæн (иу бассейны аргъ — 5 милуан сомы бæрц). Уыимæ, районты администрацитæ хъуамæ рагагъоммæ сбæлвырд кæной, бассейнтæ кæм сæвæрдзысты, уыцы бынæттæ.

"Уыцы бассейнтæ æмæ иннæ хъæугæ ифтонггæрзтæ мах балхæндзыстæм, цæмæй алкæцы районы дæр уа нырыккон доны станцæ. Ацæут æмæ ма фенут, Дзæуджыхъæуы Китайгаф фæзмæ 'ввахс цы аив æмæ æппæтфадатджын бассейн фæзынд, уый", — муниципалитетты разамонджытæн бацамыдта Сергей Меняйло.

Горæтæгты сæрдыгон фæлладуагъды мадзæлттыл дзургæйæ, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав** фæстæдæр куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй июны тыхджын къæвдатæ æмæ боныхъæды ахаст иуцасдæр

фæкъуылымпы кодтой сæрдыгон хинайæн рæстæджы райдайæн. Фæлæ, Милдзыхы-фырты ныхасмæ гæсгæ, ныр горæты хинайæн бынæттæ æппæт хъарутæй кусын райдыдтой.

Зындгонд куыд у, афтæмæй ацы сæрд Дзæуджыхъæуы цæрджытæ æмæ горæты уазджыты удæнцойæн гом арвы бын сарæзтой æртæ бассейны: уæлдæр амынд Китайгаф фæзмæ 'ввахс доны станцæйы, Хъесайы-фырты уынджы фæлладуадзæн тæлмы æмæ кинотеатр "Терк"-ы раз.

**Нæ уацхæссæг**

Æхсæнад

# "Политикæ у иумæ цæрыны аивад"

**Уый ма иу хатт равдыстой Уæрæсейы ацы азы 24 июны цаутæ, нæ паддзахад граждайнаг хæсты райдайæнмæ хæрзхæстæг лæуд куы уыд, уæд.**

Æхсæнад тыхджын куы уа, бæрнон цæстæй куы кæса паддзахады цардмæ, уæд, фурды уаддымгæйы рæстæг фидар нау куыд нæ фæдæлдон вæйы, афтæ рауадысты дунейы егъаудæр паддзахады цаутæ дæр. Ис ахæм æмбарынæдтæ, куыд политикон культурæ æмæ политикæйы культурæ. Нырыккон царды сæ дыууæйæ дæр бирæ араз гæ у, уæрæсейаг æхсæнад та ныры хуызæн æнгом никуы уыд, Цæгат Кавказы нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ æнгомдæр кæнынц. Рагон грекъаг философ Платоны хъуыдымæ гæсгæ, "политикæ у иумæ цæрыны аивад". Украинæйы сæрмагонд хæстон операцийы ныгуылæн либералон цивилизацийы ныхмæ тохы Уæрæсе иунæгæй куы 'рлæууыд, уыцы рæстæг уæлдай ахсджиаг у æхсæнады иудзинад.

Афæдз нæма рацыд, Монон-фæткон хæзнаты центртæ арæзт куы 'рцыдысты, уыл. Уæрæсейы æнтыстджынæй кусы дæс ахæм центры. Сæ фылдæр — Цæгат Кавказы федералон зылды, уыимæ, нæ республикæйы дæр. Уымæй уæлдай, Координацион центртæ кусынц Уæрæсейы æппæт регионты, сæ хæс у, граждайнаг ахст бынатыл хæст фæсивæды хъомыл кæнын, нацитæ æмæ конфесситы 'хсæн ныхмæлæуддзинад нæ уадзын, терроризмы идеологийы ныхмæ архайын æмæ экстремизмы цаутæ не 'руадзын. Цæгат Кавказы регионты ацы æмæ царды иннæ фарстатæ куыд ахсджиаг сты, уымæн æвдисæн, Уæрæсейы Президент Владимир Путины кусæг балц Дагестаны республикæмæ пысылмæтты сæйрагдæр бæрæгбæттæй иу — Хъуырман-Байрамы рæстæг. Паддзахады разамонæг хуымæтæджы нæ бабæрæг кодта, фондз мин азы размæ бындур цы горæт Дербентæн æвæрд æрцыд, уый, стæй, архитектурон-археологон комплекс "Цитадель Нарын-Кала", федералон ахадындзинад кæмæн ис, æмæ ЮНЕСКО дунеон бынтæм кæй бахаста, уыцы дербентаг Джума-мæзджыт.

"Рагæй дæр Дагестаны адæмтæ цæрынц сæ фыдæлтыккон æгъдæуттæ æмæ фæткмæ гæсгæ, бирæтыл дзы абон дæр хæст сты," — зæгъы Дагестаны Координацион центры директор **Магомед Магомедов**. "Уыдон баст сты бинонты мидæг, уазджытимæ, сыхæгтимæ, æмткæй райсгæйæ, алфамбылай дунеимæ ахастдзинæдты фарстатимæ. Фыдæлтыккон фæткæвæрд æмæ æгъдæуттæ æххæстгонд кæй цæуынц, уый фадат дæтты уыцы ахастдзинæдтæ рæстырдæм аразынæн. Республикæйы нациты (Дагестаны цæры 100 адæмыхаттæй фылдæр) æмæ конфесситы 'хсæн быцæутæ нæ вæййы. Цардыуаджы цы хъуыддæгтæ бахъæуы равзарын, уыдонмæ кæсы маслиат (иронау — фидауджытæ), пайда дзы кæнынц ныры онг. Дин фæсивæды хъомылады егъау бынат ахсы, пысылмон дины фæрцы царды алыхуызон къабæзты бирæ фарстатæн æрцæуы аккаг кæрон. Æхсæнад æцæг диныл зæрдæйæ цас тыгдæр хæст уа, уыйас иннæ адæмыхæттытæ æмæ æндæр диныл хæст адæммæ хуыздæр

цæстæй кæсынц. Æцæг дин адæймагæй уæлдæр у, фæзæгъынц, æцæг дин сиды адæймаг уарзынмæ, куыд нæ рафæлдисæджы скондмæ, йæ æддаг бакаст ын не 'взаргæйæ. Цас хæрзæгъдаудæр æмæ диныл хæстдæр уа, уыйас ын æхсæнады дæр æнцондæр у уæвын," — йæ ныхас дарддæр хæццæ кæны Магомед.

Паддзахадон программæты архайд Дагестаны баст у æхсæнады æмхъæлæсдзинадимæ, регионы нацитæ æмæ конфесситы 'хсæн ахастдзинæдтæ фидардæр кæнынимæ. "Республикæ Дагестаны политикæ"-йы, "Дины организацитимæ æмгуыстад"-ы программæты архайд баст у, æппæт конфесситæн культурон мадзæлттæ æмæ бæрæггбæттæ 'рвитынæй рухстауæн-хъомыладон семинартæ æмæ форумтæ аразынимæ. Уыцы хъуыддагмæ активон архайды фæрцы стыр æвæрæн хæссынц республикæйы æнæкоммерцион секторы уæнгтæ — граждайнаг æхсæнады институттæ æмæ дины организацитæ. Сæ куысты хатдзæгтæ зæрдæмæдзæугæ сты.

Республикæйы царды уыд терроризмы ныхмæ тохы рæстæджытæ, хотыхджын фæсивæд хъæдтæм куы кодтой, се 'мбæстæгтыл марынæй куы нæ ауæрстой, уыцы азтæ. Уымæн кæрон æрцыд, фæсивæды хи культурæ æмæ æцæг диныл æфтауыны куыст куы рапарахат, уæд.

"Махмæ ныр дæсæм хатт ацыд, нацитæ æмæ конфесситы 'хсæн Уæрæсейы æмбал кæмæн нæй, ахæм форум, архайдтой дзы дунейы динамонджытæ Зæххы къорийы алы рæттæй, алыхуызон конфесситы минæвæрттæ. Ныхас кæнынц фæсивæдимæ, стæй фæсивæдон политикæйы активон архайджытимæ. Мах хъæуы æмзонд адæймæгтæ," — зæгъы Магомед Магомедов. Координацион центры директоры ныхæстæм гæсгæ, республикæйы æппæт кусæндæттæ дæр арæзт æрцыдысты уагдæтты 'хсæн фæсивæдимæ кусæг къордтæ. Арæх æрбахонынц экспертты æмæ дины кусджыты, архайд цæуы фæсивæды монон æмæ фæткон хъомыладыл. Æнæ уыдæттæй нæй кусæн. Архайд цæуы терроризмæн ныхкъуырд дæттынимæ, Интернеты тыгъдады цъыфкалæн, æнæраст æрмæджытæ парахат кæнынимæ. Ныридæгæн хъусынгæнинæгты 90 проценты æрыгæттæ исынц Интернетæй. Сæ хъуыдыкæнынадыл, зондахастыл уый фылдæр хатт хорзырдæм нæ фæзыны. Хъыгагæн, фæсивæд æцæг дуне уыны, Интернеты йæ цы хуызы æвдисынц, ахæмæй. Уымæн у ахсджиаг центры архайд.

Координацион центр æнтыстджынæй кусы нæ республикæйы Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты бындурыл. Магомед Магомедовы æрбахуыдтой мадзæлттæй иуы архайынмæ. "Раздæр дæр уыдтæн Ирыстоны, æфцæгыл мæ-иу хъуыд ахизын. Ныр конференцийы архайынмæ ссыдтæн Махачкалайæ, ирыстойнаг фæлтæрддзинадæй спайда кæндзынæн мæ куысты, мадзалы архайджыты та базонгæ кæндзынæн дагестайнаг центры фæлтæрддзинадимæ. Цымыдисаг у уæ республикæйы фæлтæрддзинад ацы фарстаты. Æмгуыстады хъуыддаджы кæрæдзи хорз æмбарæм. Нæхимæ ласын, экстремизм не 'руадзын æмæ терроризмы ныхмæ тохы фæдыл мыхуыры цы ног чингуытæ фæзынд, уыдон," — зæгъы Магомед. Æмæ ма йæм бафтыдта: "Ирыстоны уæвгæйæ, ахæм эстетикон æхцондзинад рагæй нал банкъардтон. Уыдтæн Дзæуджыхъæуы парчы, ахæм амондджын, фæрнæйдзаг бынат у, æмæ ме 'мкусджытæн зæгътон: куы фæзæронд уон, уæд цæрынмæ ссæудзынæн ацы горæтмæ. Цас æнцойад дзы райсы адæймаджы уд!".

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къам**

Æмбырд

# Бæлвырд мадзæлтты фæрцы

**Цæгат Ирыстоны прокуроры фыццаг хæдивæг Илья ИВАНОВ дзы сæрдариуæг кодта, афтæмæй нæ республикæйы прокуратуræйы уыд цæрæнуатон-коммуналон къабазы аиппытæ æргом кæныны æмæ сын кæрон æвæрыны фæдыл уагдæтты иумæйаг кусæг къорды æмбырд.**

Æмбырды архайджытæ — регионы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министр **Таматы Майрæн**, горæт Мæздæджы администрацийы сæргълæууæг **Тугъанаты Иринæ**, Рахизфарсы районы администрацийы сæргълæууæг **Мырыкаты Хъазыбег**, Æппæтуæрæсеон адæмон фронты регионалон æххæсткомы разамонæг **Гæлиты Клим**, бæстæйы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады сæйраг цæгатирыстойнаг управленийы хицауы хæдивæг **Ælборты Анатоли**, сæрмагонд æнæкоммерцион кусæндон "РЦИ-Аланийы регионалон оператор — РЦИ-Аланийы бирæфатерон хæдзæрттыбындурон цалцæджы фонд"-ы генералон директор **Теттаты Рамазан** æмæ муниципалон унитарон кусæндон "Владсток"-ы минæвæрттæ — æрныхас кодтой кæлæддзаг хæдзæрттæй ногтæм адæмы раивыны, Дзæуджыхъæуы къæвдайы канализацийы уавæры, бирæфатерон хæдзæртты бындурон цалцæджы фиддонтæ æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл.

Æмбырды бæрæггæнæнтæм гæсгæ бæлвырдгонд æрцыдысты æхсæнад æмæ паддзахады интересты хъахъхъæнынадмæ арæзт бæлвырд мадзæлттæ.

**РЦИ-Аланийы Прокуратуræйы пресс-службæ**

Педагог æмæ зондамонæджы аз

# Фарны фæд

**Нæ бæстæйы Президент Владимтир Путин ацы аз Педагог æмæ зондамонæджы азыл кæй банымадта, уымæй зæрдæ барухс. Уымæн æмæ ахуыргæнæг у царды бындурæвæрæг. Цыдæриддæр дæсныйадтæ ис, райдай хуымæтæг хæдтулгæ скъæрæгæй æмæ фæу зын, фæлæ вазыгджын космосмæ тæхæгæй, уыдонæн бындур сæвæры ахуыргæнæг. Дунемæ сывæллон рауадзын бирæ æнцондæр у йе схæссын, йе схъомыл кæнынæй, царды йæ раст фæндагыл саразынæй. Æмæ уыцы уæззау, фæлæ царды æвæджиауы уаргъ та æвæрд вæййы ахуыргæнæджы уæхсчытыл, æмæ йæ уый æнтыстджын æмæ сæрыстырæй феххæст кæны.**

Ахуыргæнæджы ном табуйаг у. Уый царды ахсджиаг æууæлтæ, ахуырад æмæ хъомылад кæрæдзийæ хицæн кæнын нæ уадзы æмæ афтæмæй удуæлдай фыдæбон кæны. Йæ удæй арт цæгъды, йæ зæрдæйы цæхæр, йæ хъуыдыты рухс æнæвгъауæй лæвар кæны рæзгæ фæлтæрæн. Ахуыргæнæгæн йæ куысты сæйрагдæр нысан у, цæмæй, цы фæсивæдыл фæстæ фарны фæд чи ныууагъта, уыцы дзæнæты бадинаг Дзæрæхохты-Айлараты Мария Семены чызджы рухс ном æрымысын. Мария райгуырд бирæсывæллонджын бинонты 'хсæн 1915 азы, нæ республикæйы зындгонддæр æмæ кадджындæр хъæутæй иу — Олгинскæйы. Йæ фыд Семен æмæ йæ мад Дзерассæйæн Мады-Майрæм цæстуарзон лæвар ракодта

цыппар чызджы: Надя, Нагъуæ, Госæда æмæ Маряйы, стæй дыууæ лæппуйы — Алтег æмæ Таймуразы. Хистæр лæппу Алтег Дзæуджыхъæуы каст фæци артиллерион училищæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд йæ райдайæнæй суанг йæ кæронмæ хæцыд цыфыддæр знаджы ныхмæ. Стæй хæсты фæстæ булкъоны цины сыздæхт йæ райгуырæн хъæу Олгинскæмæ. Уый фæстæ йын хъыскмæт афтæ стæрхон кодта, æмæ йæ куысты фæстæ афтыд Мæскуымæ æмæ уым æрбынæттон. Кæстæр æфсымæр Таймураз дæр фыццаг хæцыд немыцы ныхмæ, стæй та архайдта Японы хæсты æмæ уым æбæрæныйадыл сахуыр кодтаид. Æмæ йæ бæллиц йæ къухы бафтыд. Астæууккаг скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд педагогон училищæмæ æмæ райста райдайæн кълæсты ахуыргæнæджы диплом. Училищæйы йемæ ахуыр кодта зилгæйаг Дзæрæхохты Адæбойы фырт Ислам дæр, æмæ кæрæдзийы зæрдæмæ фæцыдысты, баиу кодтой сæ цард, скодтой нæртон чындзæхсæв. Зилгæйы уæды рæстæг авдазон скъола уыд, æмæ Мария уым кусын райдыдта райдайæн кълæсты ахуыргæнæгæй. Ислам æмæ Марияйæн дунемæ рантыст дыууæ фырты: Хъасболат æмæ Валери, чызг Фиолетæ. Хъасболат фондз æмæ ссæдз азы дæргъы фæкуыста ахуыргæнæгæй. Йæ хорз куысты тыххæй йын лæвæрд æрцыд Профтехахуырады сгуыхт кусæджы ном стæй йæм ис бирæ Кады гæххæттытæ. Фиолетæ та сахуыр кодта хуыйæгыл æмæ кусы Дзæуджыхъæуы. Кæстæр лæппу Валери у зындгонд дохтыр, фæндзай азы бæрц бакуыста Дзæуджыхъæуы тагъд æххуысы клиникон рынчындоны травматологæй. Йæ хорз куысты тыххæй йын лæвæрд æрцыд уæлдæр къæпхæны дохтыры ном. Къорд азы бакуыста дохтырæй Африкæйы, стæй æндæр фæсарæйнаг бæстæты. Уымæ дæр ис бирæ Кады гæххæттытæ йæ æнæхин æмæ æнæзæрдæхудт куысты тыххæй.

Бафиппайын хъæуы уый, æмæ Хъасболат, Фиолетæ æмæ Валери æнæ фыдæй кæй схъомыл сты. Кæстæр лæппу Валерийыл æртæ мæйы дæр нæма сæххæст, афтæ йæ фыд Исламмæ фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм. Уыцы рæстæг райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Ислам архайдта йæ тæккæ цæхæры æмæ æбæрæгæй фесæфт. Зилгæйы хъæубæстæй Исламы рухс ном рохуаты нæ баззад, æмæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи архайдта, уыдонæн цы цыртдзæвæн сæвæрдтой, йæ ном уым фыст æрцыд.

**(Кæрон 4 фарсыл)**

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи архайдта, уыдоны номыл цы цыртдзæвæн арæзт ис, уым бæрæггонд у йæ ном.

Чызджытæй та алчидæр йæ амонд ссардта, ис сын цот æмæ цоты цот дæр.

Мария ма скъолайы куы ахуыр кодта, уæд æм фæзынд бæллиц, цæмæй ахуыргæнæджы дæсгæй фесæфт. Олгинскæйæ

Хуссар Ирыстонæй

# Рентген-аппараты цалцæг

**Хуссар Ирыстоны бирæкъабазджын медицинон центры ногæй кусын райдыдта, цалдæр азы дæргъы хæлдæй чи лæууыд, уыцы рентген-аппарат.**

Зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы республикæйы Президент **Гаглойты Алан** бабæрæг кодта центр æмæ карз уайдзæфтæ загъта, медицинон техникæйы æнаипп куыстыл бæрнон чи у, уыцы специалисттæн. Президент бадомдта, цæмæй цыбыр æмгъуыдмæ центры техникон ифтонггæрзты цалцæгмæ бавналой.

Ныридæгæн специалисты къухы бафтыд рентгенологон хайады ифтонггæрзтæ сцалцæг кæнын.

Хайады разамонæг **Саулохты Георги** куыд зæгъы, афтæмæй рентген-аппарат ногæй кусын райдыдта. "Къуырисæры цалцæггæнджытæ техникон фæрæзы аиппытæ кæронмæ аиуварс кодтой æмæ, хайады æртыккаг уæладзыджы цы рентген-аппарат ис, уый

ныр æнæкъуыхцыйæ кусы", — радзырдта Саулохыфырт.

Медицинон центры иннæ техникон фæрæзты уавæрмæ дæр каст æрцæудзæн.

***(Информацион агентад "Рес")***

Равдыст

# Республикæйы архитекторты сфæлдыстадон æрмдзæф

**Дзæуджыхъæуы ацыд республикæйы архитекторты куыстыты равдыст. Ахæм равдыст фыццаг хатт нæ бацæттæ кодтой. Йæ нысан у сæ дæсныйад равдисын. Бирæ проекттæ гæххæттыл фыстæй баззайынц, фæлæ ис ахæмтæ, æмæ сæ равдысты куы фенынц, уæд сæ царды дæр спайда кæнынц.**

— Ахæм равдыстытæ арæх саразæм. Ацы хатт нын у тематикон. Ныр цы куыстытæ равæрдтам, уыдон хуымæтæг не сты, фæлæ, алыхуызон конкурсты чи архайдта, цавæрдæр бынæттæ кæнæ премитæ чи райста, ахæмтæ. Се 'хсæн ис, автор йæхи фæндонмæ гæсгæ кæй сныв кодта, ахæмтæ дæр. Уыдон сты цавæрдæр хæдзæрттæ, фæзуæттæ æмæ æндæр арæзтадон комплекстæ. Фæархайæм республикон, уæрæсейаг æмæ дунеон ерысты. Уый алы архитекторæн дæр хорз мадзал у йæхи равдисынæн æмæ йæ дæсныйад фæбæрзонддæр кæнынæн, — загъта Уæрæсейы Федерацийы Архитекторты цæдисы цæгатирыстойнаг организацийы сæрдар **Алыккаты Руслан**.

Равдысты архайы уæрæсеон конкурсы уæлахиздзау, Русланæн йæхи конд проект дæр. Уый хуымæтæджы архитектурон ныв нæу, фæлæ, бæлвырд наукон-иртасæн куыст кæуыл бакодта, ахæм проект Хъолайы цъитийы тыххæй. Бæргæ хорз уаид, республикæйы Хицауад æм сæ хъус куы 'рдариккой æмæ дзы куы спайда кæниккой, цæмæй фидæны ног ахæм бæллæхæй хызт уæм.

**ГÆБУАТЫ Галинæ, къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Нæ бæрæгбæттæ

# Хетæджы Уастырджи

**Ацы аз Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон æрцыд сусæны мæйы (июлы) дыккаг хуыцаубонмæ — 9 июлмæ. Йæ кувæндон кæд Алагиры районы зæххыл Куырттаты комæй рахизæны дæлвæзы ис, æмæ йæм кæд райдайæны кувынмæ йæ алыварс хъæутæ Суадаг, Ногхъæу, Хъæдгæрон, Дзуарыхъæу, Хæтæлдон æмæ æндæр хъæуты цæрджыты йеддæмæ стæм цыд, уæд ныр ацы кувæндон ссис æппæтирон-адæмон. Уымæн æмæ Уастырджи æппæт ирон адæмыл аудæг зæд у, иудадзыг Хуыцауы раз ис æмæ Ирыстонмæ æртæхгæйæ ирон адæмæн Хуыцауы хæрзтæ чи æрхæссы, уыцы рæстаг, хæларзæрдæ æмæ æргом зæд у.**

## Йæ кувæндоны равзæрд

Раджы заман, 14-æм æнусы, нæ рагфыдæлтæ аланты Тимуры фыдгæндтæй йæ æфсæдты æрдонгтæ бындзагъд ныккæнын куы сфæнд кодтой, уæд ма дзы къордтæ-къордтæ цæргæйæ баззад абоны Кæсæджы, Хъæрæсе æмæ Хъубаны зæххыл — сæ фыдæлты зæххыл, Хъубаны цæугæдоны къабаз Стыр Зеленчукы был уыдонæй цард къниаз Инал. Уыд ын æртæ фырты: Биаслан, Аслæнбег æмæ Хетæг. "Биаслан ссис кæсæджы кънйæзтæн сæ мыггаджы фыдæл. Аслæнбег уыд æнæзæнæгæг", — афтæ фыссы Къоста йæ этнографион очерк "Особа"-йы.

Кæсæджы пысылмон дин куы стыхджын, Зеленчукы зылды алайнаг ирон чырыстон аргъуан та цаудмæ куы æрхаудта, бынтон куы сæдых, уæд дæр Хетæг йæ ирон диныл йæ къух нæ систа. Уый тыххæй йæм суанг йæ бинонтæ дæр сфыдæх сты, сæхиуыл æй нал нымадтой. Уæд Хетæг йæ сæр райста Ирыстонмæ. Уый йе знæгтæ куы базыдтой, уæд æй, сæ дин сын кæй нæ райста, уый тыххæй йæ амарын сфæнд кодтой æмæ йæ фæсте расырдтой.

Хетæг æрбаирвæзт Æрджынарæгæй æмæ йæ ных сарæзта Куырттаты комы ‘рдæм. Фæлæ, абон Суададжы хъæу кæм ис, уырдæм хæстæг куы æрбахæццæ, уæд æй знæгтæ дæр æрбацæйæййæфтой. Уыцы рæстæг æм Суададжы сæрмæ хъæды фахсæй фехъуыст хъæр:

— Хетæг, хъæдмæ!!! Хъæдмæ!

— Хетæг хъæдмæ нал бахæццæ уыдзæн, фæлæ хъæд — Хетæгмæ! — дзуапп радта Хетæг йæ хæрзгæнæгæн.

Уыйадыл хъæдæмбæрзт хохы фахсæй хъæд тыгуырæй сыстад æмæ Хетæджы алыварс тымбылæй февзæрд, знæгтæй йæ бааууон кодта, бахъахъхъæдта. Уыдон фыртæссæй фæстæмæ лидзæг фесты.

Афтæ, дам, равзæрд, Хетæджы къох, Хетæджы Уастырджийы кувæндон, Тымбылхъæды дзуар. Хъæд кæцæй сыстад, уыцы бынат фахсыл абон дæр у гæмæх.

Зæгъынц, къохы астæу, дам, уыд сатæг суадон. Хетæг фæлладæй йæ дойны кæмæй басаста, уый. Ам иудзæвгар фæци, стæй Куырттаты комыл ахызт Нармæ. Куырттатæгтæн радзырдта, дæлвæзы йæ Уастырджи знæгтæй куыд æмæ кæм фервæзын кодта, уый. Куырттатæгтæ йын сбæрæг кодтой йæ бынат æмæ Дзывгъисы Уастырджийы бæрæгбонмæ гæсгæ йæ бон. Уæд фæзынд Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон, æмæ йæ фыццагдæр йæ боны бæрæг кæнын райдыдтой куырттатæгтæ. Къох ныр ссис Ирыстоны кувæндæтты сæйрагдæртæй иу.

"Кæддæр Уастырджи Хетæгæн цы æххуыс бакодта, сымахæн дæр уыйау уæ хъахъхъæнæг куыд уа, уыцы амонд уæ уæд!" — ныр афтæ арæх фæкувынц ирон адæм кæрæдзийæн.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ йæ бынмæ сылгоймаг нæ цыд, йæ ном ын ныр дæр нæ дзурынц. Тымбылхъæды дзуар æй уыдон хонынц. Сæ кувинæгтæ æмæ мысайнæгтæ-иу мидæмæ дзуарылæг сæ скува, сæ бинонты, сæ хæстонты, бæлццæтты, рынчыны йыл бафæдзæхса, уый тыххæй барвыстой нæлгоймæгтæй искæмæн, суанг къаннæг læппутæн дæр. Хетæджы къохы бынмæ нæлгоймæгтæ ефс бæхтыл дæр нæ цыдысты.

Хæсты тызмæг азты хæстхъом нæлгоймæгтæ тохы быдыры цагъды куы кодтой, æмæ алчи йæ бæлццоны, мæлæтæй йын тæрсгæйæ, Хетæджы Уастырджийыл бафæдзæхсынмæ йæхи куы ивæзта, афтæмæй йын йе 'ртæ æртæдзыхонæй йæ быны скувæг нæлгоймаг куы нал уыд, уæд ирон сылгоймаг ахызт ацы æгъдауы сæрты. Ныййарджытæ, устытæ, чызджытæ сæ хæстонты фарнæй — æвæджиау хайджын. Цард-цæрæнбонты йæ ирон адæм цæстыгагуыйау хъахъхъæдтой, къалиу расæттын, сыф рахæссын дæр дзы нæ фæтчы. Къохы алыварс ныллæг хъæдгæндтæ бирæ уыд. Уыдонæй, стæй стыр хъæдæй дæр æм сырд арæх æфтыд, æмæ уый амарын дæр не 'мбæлд. Къохмæ хæстæг хъæды мард сырдæй та дзуары бын кодтой куывд, хæдзармæ хæссæн дзы нæ уыд. Къохæн йæ хуылфы, стæй йæ хурныгуылæн фехъусæн вæййы. Цы дыргътæ: кæрдотæ, æнгузтæ, æхсæртæ, æхсынцъытæ æмæ æндæртæ дзы ис, уыдонæй дæр хæрæн ис æрмæст уым, кæнæ рахæссæн къохы алыварс хæстæг быдыртæм.

❋❋❋

Хетæджы Уастырджийы кувæндоны бынмæ ныры дуджы сæ кувинæгтимæ цæуынц Ирыстоны æппæт рæттæй дæр: Цæгатæй — Хуссармæ, Хурыскæсæнæй — Хурныгуылæнмæ. Æмæ уый хуымæтæджы нæу: фæдзæхсынц ыл сæ кæстæрты, сæ бæлццæтты, сæ рынчынты, сæ арфæйаг хъуыддæгтæ, сæхи æмæ, куыд æргом зæд у, афтæ сын æргом æххуыс кæны.

Ныр дæр та Хетæджы Уастырджийы кувæндонмæ ирон адæм цæудзысты рухс зæрдæтимæ, хъæлдзæгæй, йæ хорзæх рахæссын æнхъæлæй. Æмæ дзы æдзухдæр райгонд куыд уæм, уыцы хорздзинад нын йæ цæст бауарзæд. Табу йын кæнæм æмæ, нын æдзухдæр табуйаг куыд уа. Нæ кувинаг ын барст уæд, нæ мысайнаг — ист. Æмæ нын цæмæй нæ куывдтытæ иса, уый тыххæй кувæндоны æгъдæуттæ халын нæ хъæуы.

Æрвылаз дæр Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны йæ кувæндонмæ куывддоны æрбацæуынц бирæ дзыллæтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, табу кæнынмæ, кувынмæ. Фæлæ се 'хсæн вæййы ахæмтæ дæр, сæ уаг, се 'гъдау, сæ дзаумайы конд нывыл кæмæн нæ вæййы. **Кувæндоны бынмæ расыгæй цæуын, стæй дзы расыг кæнын дæр нæ фæтчы. Нæ фыдæлтæ йæ быны æртæ сидтæй фылдæр нæ кодтой: Стыр Хуыцауы, Уастырджийы æмæ куывддонты, кæнæ кувинаг цы хъæубæстæй, сыхбæстæйæ æрбахастой, уыдоны сыл бафæдзæхсыны сидтытæ.**

**Кувæндонмæ не 'мбæлы цæуын æнæхсадæй, æнæдастæй, спортивон æмæ æндæр ронбæгъд уæлæдарæсы, хæцæнгарзимæ, хъамаимæ цæуын æм нæ фæтчы. Йæ быны нæлгоймаг хъуамæ уа худаист, аив конд, ирд сыгъдæг уæлæдарæсы. Афтæ сылгоймаг дæр: ирд сыгъдæг уæлæдарæсы. Раздæр кувæндонмæ сылгоймаг æнæ сæрбæттæнæй нæ уадзынц. Кувæндоны бын уыцы æгъдау фехæлдтой, æмæ сын уый фаг нæ разынд: цæуын æм райдыдтой гомзæнг, гомцонг, гомриу æмæ ма гомгуыбынтæй дæр. Даргъфадыг хæлафджынтæ дæр дзы фæзынынц. Æмæ сын макæ зæгъæг нæй; дзуарылæгтæ мысайнаг æмбырд кæныныæй уæлдай сæхимæ æндæр хæстæ нал исынц.**

Мысайнаджы тыххæй та нæм ахæм хабæрттæ райтынг æмæ худинагдæр, аллайагдæр цы хъуамæ уа нæ ирон царды! Нæ кувинæгтæ дæр нын уымæн нал исынц, æвæццæгæн, Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæ. Æмæ ныл бæллæхтæ дæр уымæн цæуы! **Цæмæй мысайнæгтæм иуæй-иу дзуарылæгтæ ма цыбæл кæной, уый тыххæй кувæндоны æвæрын хъæуы мысайнагæн æхсад згъæр æхцатæ. Гæххæттын æхцайæн æхсæн нæй, æмæ йæ чъизийæ æвæрын нæ фæтчы. Иннæмæй та мысайнæгтæн дæр æрмæст сæ кæцыдæр чысыл хай — фæтчыхъæдæн — сисгæ у иумæйаг куывдæн. Иннæтæ хардзгæнгæ сты кувæндоны аивдзинадыл, ирон æгъдæутты рæсугъд хъуыддæгтыл. Хъæугуывдтæн нæ, фæлæ... Ахæм куывдæн та куывддонтæ æрæвæрынц сæхи сæрмагонд мысайнæгтæ.**

Кувæндон адæймаджы хъæздыгдзинад æвдисæн бынат нæу! Сыгъдæг зæрдæйæ йæм цæуын хъæуы, дæ бон цæмæй у, уымæй йæ сбуц кæн рæдауæй: æртæ æртæдзыхонæй, бæгæныйы къус æмæ дзыккайæ дæр фæуæд. Нæ мæгуыр фыдæлтæн сæ фылдæрæн сæ кувинаг æрмæстдæр адон уыдысты. Мысайнаг та æвæрдтой æртæ суарийы — 15 капеччы. Ныр дæр æртæ згъæр фондз сомы æгъгъæд сты мысайнагæн. Гъемæ та сæ Хетæджы Уастырджийы кувæндонмæ куыд зæрдæхæларæй, рæдауæй, куыд хорзæнхъæлæй бахæссæм, уый бæрц нын арфæйаг фæуæнт!

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Тымбылхъæды кувæндоны Лæгты дзуарыл фæдзæхстой сæхæдæг.

Хетæджы къохы бæлæстæн ам æввахс хъæдты æмбал нæй — бæрзонд фæцыдысты, уæрæх ныззылдысты. Кæрз бæласы бæрзæнд дзы хæццæ кæны 40 метрмæ, йæ зæнг — 2 метрмæ. Иуæй йæ ран хъæздыг у мæрæй, иннæмæй кувæндон у, адæмы фарс цы суадæттæ уыд, уыдоны сатæг донæй дæр Уастырджимæ кувгæ кодтой.

Хетæджы бынæй хæдзармæ сыфтæр дæр рахæссын кæй нæ фæтчы, куы рахæссай, уæд та дæ был, æфсæр, цæстытæ, кæнæ бæрзæй кæй ныззылын уыдзæн, суанг куырм дæр кæй бауыдзынæ, уый фæдыл бирæ хабæрттæ

**Хетæджы Уастырджийы хорзæх уæ уæд,
Иры дзыллæтæ!
Уæ мысайнаг уын айсæд,
уæ кувинæгтæ йын барст уæнт,
уæ куывдтытæ йæм фехъуысæнт!**

## Хистæры куывд

**Хуыцауæн табу! Стыр Хуыцау, цытджын Хуыцау дæ! Дунескæнæг Иунæг Хуыцау, адæмы æмæ сæдты сфæлдисæг дæр ды дæ, æмæ нæ дæ хорзæх уæд!**

**Де сконд зæдтæ æмæ дауджытæн дæр табу!**

**Сæ хистæр Уастырджи у, абон йæ кувæн бон у, æмæ йæм бакувæм.**

**Уæ сыгъзæрин базыр Уастырджи, табу дæхицæн!**

**Хуыцауæй ирон адæммæ, ирон адæмæй Хуыцаумæ — дыууæрдæм минæвар дæ, Хуыцаумæ фæндаг дын уæгъд у, æмæиу курдиаты рæстæг йæ хорзæхтæй ирон адæмы фæхайджын кæн.**

**— Ирон адæмы дæ рахиз базыры бын дар!**

**— Рæстæрдæм сыл ауд!**

**— Хуыцауы фыдæхæй сæ хъахъхъæн!**

**— Йæ хорзæх сыл тау!**

**— Ды роды гал кæныс, байраджы — бæх, læппуйы — læг. Æмæ нæ кæстæртæ — де уазæг!**

**— Фыдбылызæй сæ бахиз!**

**— Бынаты æмæ фæндагыл дæр — кæддæриддæр дзæбæх куыд уой, уыцы арфæ сын дæ цæст бауарзæд!**

**— Уæ зæлдагзачъе Уастырджи, зæхмæ ирон адæммæ Хуыцауы разæй ратæхыс, æмæ де 'рбадæн бынæттæ алы ран дæр кувæндæттæ систы. Ирон адæммæ цытджын дæ, сæхи дыл фæдзæхсынц, æмæ сæ дæ хорзæх уæд!**

**— Læгты дзуар дæ, æмæ ирон адæмы læгхъуаг макуы ныууадз!**

**— Хетæджы Уастырджи, Тымбылхъæды дзуар ирон адæмы Цæгатæй — Хуссармæ, Хурыскæсæнæй — Хурныгуылæнмæ иу кæныс, фарн сыл æфтауыс æмæ табу дæхицæн!**

**— Сæ ныфс дæ, нымдгæнгæ дæ бынмæ кувынмæ, хорздзинад курынмæ цæуынц, æмæ сæ-иу курдиаты рæстæг дæ хорзæх уæд!**

**— Нæ зæххыл сабырдзинад куыд æрфидар уа!**

**— Адæм кæрæдзимæ æхцайы цæстæй æмæ топпы кæсæнæй куыд нал кæсой!**

**— Се 'хсæн хæрзаудæны æнкъарæн куыд фæтыхджындæр уа!**

**— Алыхуызон адæмтимæ у нæ цард, æмæ кæрæдзи куыд æмбарæм, æмдзæринæн куыд бæззæм, уымæн ахъаз бакæн!**

**— Ирыстон, ирон адæм фыдохы цаутæй, фыдбылызы хабæрттæй хызт куыд уой!**

**— Нæ фæсивæды тохы сæр куыд никуыуал бахъæуа!**

**— Зонд æмæ арæхстдзинадæй дунейы дæр уæлахизтæ куыд кæной!**

**— Тархъæды бæлæстау æнгом куыд уой!**

**— Цардыл сæ бафтау!**

**— Фылдæрæй-фылдæр куыд кæной!**

**— Нæ омменгæнджыты цæрæццаг хъæлæстæ уæларвмæ куыд хъуысой!**

Аивад

## Ахуырдзауты равдыст

**"Ирон нартиадæйы энциклопеди"-йы презентацийы фæткмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты сараэтой Дзæуджыхъæуы ТАУАСИТЫ Сослæнбеджы номыл аивадон скъолайы ахуырдзауты равдыст "Алайнаг паддзахад сывæллæтты цæстытæй".**

Равдысты фенæн ис ærдзы, царды ærцæуæг цауты æмæ аланты рагфыдæлтæ скифты цардыл дзурæг нывтæ, стæй, национ уæлæдарæс кæуыл ис, ахæм куклатæ. Нывгæнæг-ахуырдзаутæн æххуыс кодтой историктæ æмæ педагогтæ.

Амынд аивадон скъола Аланийы рагон цардмæ стыр æргом здахы. Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: мартъийы кæрон аивадон скъолайы æвзонг нывгæнджыты цæттæгонд равдыст нымад уыд Бетъырбухы Паддзахадон Эрмитажы залты ацæуæг музейты иумæйаг проект "Аланыстоныл саргъуыды 1100 азы кадæн Алайнаг паддзахады хæзнатæ"-мæ хауæг программæйы хайыл.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

— Уардитæ ныссадзыны фæндон нæм рагæй сæвзæрд. Дидинджытæ ныссадзынæн хуыздæр бынат агуырдтам æмæ фæстагмæ Вахтанговы аллей равзæрстам. Адæм нæ фæндонæй разы кæй уыдзысты, уымæй мæ ныфс ис, — зæгъы районы префект **Дзотты Ацæмæз.**

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

Бынæттон хиуынаффæйад

## Уардитæ горæты уынгты

**Дзæуджыхъæуы Евгений Вахтанговы номыл аллейы ныссагътой уардиты 500 къутæрæй фылдæр.**

Горæты администрацийы пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ныссадзинаг къутæртæ балæвар кодта куыстуæттæй иу, уардитæ садзыны куысты та префектурæйы кусджытимæ иумæ архайдтой Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты студенттæ дæр.

— Уардитæ ныссадзыны фæндон нæм рагæй сæвзæрд. Дидинджытæ ныссадзынæн хуыздæр бынат агуырдтам æмæ фæстагмæ Вахтанговы аллей равзæрстам. Адæм нæ фæндонæй разы кæй уыдзысты, уымæй мæ ныфс ис, — зæгъы районы префект **Дзотты Ацæмæз.**

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

Цыбыр дзырдуат

## Фыдæлтæ, бинонтæ, хиуæттæ, хæлæрттæ

**Абоны фæлдурæдджын рæстæг цард куыд тагъд ивы, афтæ фæлурс кæнынц адæмы æхсæн хæстæгдзинады æнкъарæнтæ дæр. Иуæй-иуты мулчы æмæ стыр бынаты цур ничиуал хъæуы, ницы сæ æндавы, сæ зæрдæты сæрæй кæсынц сæ хæстæджытæм, хæлæрттæм, зонгæтæм, сæхимæ æнкъарæн нæ уадзынц. Ахæм уагæн фидæн нæй, æмæ дзы нæ кæстæрты хъахъхъæнын хъæуы. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, мыхуыргонд цæуы ацы цыбыр дзырдуат дæр. Уадз æмæ кæстæртæ зоной, сæ хæстæджытæй сын чи куыд бавæййы, стæй иронау æмæ уырыссагау куыд хуыйнынц, уый.**

**Фыдæлтæ** — предки.
**Æрвадæлтæ** — однофамильцы.
**Æрвад** — родич.
**Хæдзарвæндаг** — родословная.
**Мыггаг** — фамилия.
**Мыггагон** — родовой.
**Мыггаджы сæр** — родоначальник.
**Нæ дыккаг хæдзар** — дом брата.
**Бинонтæ** — семья, семейство.
**Бинойнаг** — супруга, жена.
**Ныййарæг** — родитель.
**Ныййарджытæ** — родители.
**Фыд, баба** — отец, папа.
**Мад, æна, дзыцца, гыцци, дзыцци** — мать, мама.
**Æнæныййаргæ мад** — неродная мать приемных детей.
**Стыр фыд, дада, æда** — дедушка; отец отца, отец матери.
**Стыр мад, нана, дытта** — бабушка, мать отца, мать матери.
**Мадызæнæг** — родные братья и сестры.
**Фыды фыд** — дедушка, дед; отец отца.
**Фыды мад** — бабушка, бабуля, мать отца.
**Мады фыд** — дедушка, дед, отец матери.
**Мады мад** — бабушка, бабуля; мать матери.
**Мадæрвад** — родственник со стороны матери; дядя.
**Мадæрвадæлтæ** — семейство отца матери и ее девичья фамилия.
**Лæг, мой, цардæмбал, къай, сæрыхицау** — муж, супруг, мужчина по отношению к женщине, с которой он состоит в браке.
**Ус, усай, цардæмбал, къай, сывæллæтты мад** — жена, супруга, замужняя женщина (по отношению к своему мужу).
**Фырт, лæппу** — сын, отрок.
**Чызг** — дочь.
**Æфсымæр** — брат; сын в отношении к другим детям одних родителей.
**Хо** — сестра; дочь в отношении к другим детям одних родителей.
**Фыды æфсымæр** — дядя, брат отца.
**Мады æфсымæр** — дядя, брат матери.
**Фыды хо** — тетя, сестра отца.
**Мады хо** — тетя, сестра матери.
**Хицау** — свекор, отец мужа.
**Æфсин** — свекровь, мать мужа.
**Усгур** — жених.
**Сиахс** — зять, муж дочери или сестры.
**Чындздзон** — девушка на выданье.
**Чындзаг, усаг, къайаг** — невеста.
**Чындз, ностæ** — невестка, жена брата или жена сына, сноха, жена сына по отношению к его отцу.

**("Æлутон"-ы фарсæй)**
*Уыдзæн ма*

Алагиры районæй

## Ног арт-объект

**Цъæйы фæдзæхст бынаты фæзындзæн къулыл конд нывы хуызæн ног арт-объект "Æфсати". Ныв бацæттæ кодтой Дзæуджыхъæуы ДЗАНАЙТЫ Азанбеджы номыл аивадон училищæйы дыккæгæм курсы студенттæ.**

Ахуыргæнæндоны директор **Хетæгкаты Аслæны** ныхасмæ гæсгæ, шиферы сыфтыл конд ныв рæхджы æрбаласдзысты гæнæг-студенттæ егъау куыст баххæст кодтой, — загъта Хетæджы-фырт.

Студенттæ ныв къуыримæ бацæттæ кодтой. Ныв

фæдзæхст бынатмæ æмæ йæ ам сæвæрдзысты.

— Фæстæдæр не студенттæ нывы фидаргæнæн хæйттæ сахордзысты, йæ алыварс ын æрæвæрдзысты аивгæнæн дуртæ æмæ йæ бафснайдзысты. Алцы æмхуызон уагæй конд æрцæудзæн. Нывкæныны фæдыл æппæт æмбæлгæ хæрдзтæ чи бафыста, фарон фæдзæхст бынаты уыцы директормæ сæвзæрд нæ республикæйы кæмттæй иуы амынд объект саразыны фæндон.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Радон номыр

# "Мах дуг" мыхуыр кæны

**Мыхуыры рацыд журнал "Мах дуг"-ы æхсæзæм номыр. Рубрикæ "Æмдугоны хъуыдытæ"-йы бынмæ Сочийы Национ-культурон æхсæнад "Алани"-йы сæрдар МÆРГЪИТЫ Анатолийы "Амондхæссæг æмбæлццæттæ".**

Ацы аз газет "Рæстдзинад"-ыл сæххæст 100 азы. Уый тыххæй сæ хъуыдытæ зæгъынц "Мах дуг"-ы сæйраг редактор Уаниты Оксанæ — "Æнусон уæд дæ ном, дæ кад, дæ цæра!", ЦИПУ-йы президент Мæхæмæтты Ахуырбег — "Ирон фысджытæн "Рæстдзинад" уыд сæ фидиуæг", газет "Северная Осетия"-йы сæйраг редактор Битарты Маринæ — "Æвзаг, культурæ æмæ æгъдæуутты артдзæст", Тъехты Тамерланы интервью газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор Хозиты Барисимæ — "Культурæйы суадон — "Рæстдзинад". "Рæстдзинад" — худы, зæгъгæ, рубрикæйы бынмæ зæрдиагæй бакæсæн ис Мамсыраты Мураты "Хъуыны тæбæгъ" æмæ "Хетæджы цыргъзонд ныхæстæй".

"Мах дуг"-ы равдыст"-ы — "Рæстдзинад"-ы 100 азы историйыл дзурæг къамтæ.

Поэт, тæлмацгæнæг, журналист, библиотекæйы кусæг, Уæрæсейы профессион Литераторты цæдисы уæнг Наталья Куличенкойыл сæххæст 60 азы. Журналы йын бакæсæн ис

йе 'мдзæвгæты цикл "Æрвхуыз цæстытæм арв дæр бæллыд" Баситы Зæлинæйы тæлмацæй.

Журналы прозæйæ бакæсæн ис иумæйаг сæргонд "Цæхгæрмæгуырд замантæ"-йы бынмæ Гусалты Барисы "Дыууæ фыдымады", "Ныфстауæг", "Бардзырд", "Уарзинаджы къух", "Хыл".

Рубрикæ "Ирон Нартиадæйы аз"-ы бынмæ мыхуыргонд æрцыд Бязырты Алыксандры уац "Куысты æмæ гуманизмы темæ Нарты таурæгъты".

Рубрикæ "Ног тæлмацтæ"-йы бынмæ Амирхан Еникийы тæтæйраг радзырд "Рæсугъддзинад" ратæлмац æй кодта Безаты Фаризæ, Валентинæ Грищенко — Кокойтыйы æмдзæвгæты цикл "Мысын дæ, мæ райгуырæн уæзæг" уырыссаг æвзагмæ йæ раивта Кокойты Эльзæ.

Рубрикæ "Публицистикæ"-йы бынмæ — Гæбæраты Юрийы "Бæсты аргъ лæг".

Цымыдисаг у Тменаты Дзерассæйы уац "Фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуæг æмбисæндтæ", мыхуыргонд æрцыд рубрикæ "Рох хæзнатæ"-йы бынмæ.

Рубрикæ "Бакæсæм нæ хуртæн"-ы бынмæ — Æлборты Беллæйы æмдзæвгæтæ Дзуццаты Зæлинæйы аргъау "Силæмы фаззæттæ".

Ис ма журналы æндæр бакæсинаг æрмæджытæ дæр.

**АБАЙТЫ Эдуард**

Барадон фæтк

# Уголовон хъуыддаг

**Уголовон агуырды управленийы кусджытæ ахæстоны бамидæг кодтой, Цæгат Ирыстон æмæ æндæр уæрæсейаг регионты цалдæр хæдзары фæкъахынæй кæуыл фæгуырысхо сты, республикæйы дыууæ ахæм цæрæджы.**

Гуырысхойæгтæн сæ сæйрагдæр нысан уыд сыгъзæрин дзаумæттæ адавын. Искæй хæдзæрттæ æмæ фатертæм æфтыдысты, дуæртты гуыдыртæм дæгъæлтæ бацагургæйæ, кæнæ та рудзгуытæй бахизгæйæ.

Давджытæ афтæ дæсны уыдысты, æмæ-иу цалдæр минутмæ бацагуырдтой сыгъзæринты æввæрæнтæ æмæ-иу сæ раафтид кодтой. Давд дзаумæтты 'хсæн — рагон сахæттæ, къухдарæнтæ, хъусцæджытæ æмæ афтæ дарддæр. Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй гуырысхойæгтæ Дзæуджыхъæуы фæкъахтой иу хæдзар, сыхаг регионы та — дыууæ хæдзары. Давд сыгъзæринты иумæйаг аргъ рауад 1,7 милуан сомы бæрц.

Цауты фæдыл цæуы слест. Уголовон кодексы сæрмагонд статьяйы бындурыл аххосджынтæн рахæссæн ис 6 азы онг ахæстоны фæбадыны тæрхон.

Юбилейон изæр

# Фыдæлтыккон музыкалон аивады бынтæ хъахъхъæнæг

**Йæ сæр сæрмæ чи хæссы, царды фурды æрфытæн сæ астæуты дæр æмæ кæрæтты дæр чи ауад, ахæм адæмæн сæ хъысмæты удварны рæзт æмæ бонзонгæдзинадæй дæнцæгæн хæссынæн бæззы. Куыд хистæртæ, афтæ дзы кæстæртæ исдзысты дæнцæг. Æхца фылдæр кæм ацамал кæнон, цъæхсæр хæдзæрттæ куыд бæрзонддæр самайон, уымæй нæ. Уæдæ, цымæ, цæмæй фæбарынц сæ царды алы къахдзæф дæр удæй хъæздыг, зæрдæ æмæ зондæй, уынд æмæ кондæй аив лæгау-лæгтæ?**

Ацы фарст РЦИ-Аланийы паддзахадон филармонийы адæмон музыкалон инструментты оркестры аивадон разамонæг, дирижер æмæ дæсны музыкант-композитор, Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист **Ходы Олегмæ** куы радтам, уæд æрцæуыдзыстæм ахæм хатдзæгмæ: — уый у, национ культурæйæн бонзонгæ зæрдиаг лæггад чи кæны, ахæм адæймаг. Йæ царды стырдæр бæллиц уыд фыдæлтыккон музыкалон инструменттæй цæгъдджыты оркестр саразын. Йæ къухы бафтыд йæ сæххæст кæнын, йæхи хуызæн зæрдæргъæвд æмæ курдиатджын фæсивæды руаджы. Оркестрæн Олег æмæ йæ музыканттæ радтой ном **"Ирыстон"**. Йæ репертуары ис, куыд адæмон ирон æмæ уырыссаг аив мелодитæ, афтæ зындгонд ирон композиторты инструменталон æмæ вокалон уацмыстæ.

Оркестры концертты иудадзыгдæр фæзæлынц, Олег йæхæдæг кæуыл бакуыста кæнæ ныффыста, уыцы музыкалон композицитæ.

Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры уыд, ацы аивадон къордыл фынддæс азы кæй сæххæст, уый кадæн сфæлдыстадон изæр. Архайдтой дзы æмæ оркестры аивадон разамонæг æмæ дирижер Ходы Олегæн æмæ музыканттæн арфæ ракодтой: РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, нæ республикæйы Культурæйы министры хæдивæг **Хъуыссæты Зæлинæ,** сфæлдыстадон, ахуырадон интеллигенци, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, студенттæ æмæ аивадуарзджытæ.

— Нæ республикæйы цы аивадон къордтæ ис, уыдоны 'хсæн зынгæ бынат ахсы паддзахадон филармонийы адæмон музыкалон инструментты оркестр "Ирыстон". Кæд йæ саразтыл фынддæс азы йеддæмæ нæма сæххæст, уæддæр йæ аивадон разамонæг Ходы Олег æмæ йæ курдиатджын музыканттæ зæрдиагæй нæ дзыллæйæн хъусын æмæ уарзын кæнынц фыдæлтыккон музыкалон культурæйы аивдæр хæзнатæ. Сæ репертуар хъæздыг у рагон инструменталон композицитæй, аив адæмон зарджытæй, нæ композитортæ алы рæстæджыты кæй ныффыстой, абон классикон чи сси, уыцы зарджытæй, æмæ Олегæн йæхи æрхъуыдыгонд интрументалон æмæ вокалон композицитæй. Ацы оркестры музыканттæ сты æрыгон, фæлæ сæ курдиат æмæ зæрдæргъæвддзинадæн, национ культурæйы рæзты аргъ нæй. Мæ зæрдæ сын зæгъы царды амонд æмæ фидæны ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ, — загъта йæ арфæйы ныхасы Тускъаты Таймураз.

Уый ма оркестры музыкантты схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы кады гæххæттытæй.

Концерты зæлыдысты ирон адæмон инструменталон уацмыстæ, нæ зындгонд композиторты **Хаханты Дудар, Æлборты Феликс, Хъуылаты Елхъан, Гæздæнты Булат, Николай Петров, Есенаты Женя, Плиты Алан, Гæджынаты Руслан, Баситы Аслан, Хетæгкаты Валентинæ** æмæ Ходы Оледжы фыст музыкалон уацмыстæ, РЦИ-Аланийы адæмон артисттæ **Хадыхъаты Аллæ, Дауыраты Эдуард**, нæ республикæ æмæ Уæрæсейы вокалон конкурсты лауреаттæ **Хъуысаты Сослан, Нартыхты Ланæ** æмæ паддзахадон филармонийы зарæггæнджыты къорд **"Уацамонгæ"**-йы вокалисттæ.

Сæрмагонд аивадон лæвар, оркестр "Ирыстон"-ы юбилейы кадæн, йæ музыканттæ æмæ аивадуарзджытæн, аивадон изæры ракодта РЦИ-Аланийы сгуыхт артисткæ, Гæздæнты Булаты номыл паддзахадон оркестры музыкант **Гуыдиаты Северинæ**. Хъисын фæндырыл ацагъта йæхи фыст музыкалон композицитæй иу.

— Нæ оркестр "Ирыстон"-ы алы музыкант дæр у йе сфæлдыстадон куысты иттæг дæсны. Профессион ахуырадæй уæлдай, ис хиуыл иудадзыгдæр сфæлдыстадон уагæй кусыны тырнынад. Иу бинонтау, стæм хæлар æмæ зынаргъ кæрæдзийæн. Не 'хсæн ис, куыд царды, афтæ сфæлдыстады дæр æнгомдзинад. Нæ архайды фæтк дæр нæхæдæг фæфидар кæнæм. Куы бахъæуы, уæд репетици, суанг изæрдалынгтæм дæр фæкæнæм. Уый та арæхдæр вæййы, концерттæм кæнæ фестивалтæм цæттæ кæныны рæстæг, кæнæ та, ног уацмыстыл кусгæйæ. Ныридæгæн архайдтам бирæ зынгæ фестивалты. Нæ арæхстдзинадæн нын скодтой æмбæлгæ аргъ. Уæдæ, нæ республикæйы цы аивдон изæртæ æмæ концерттæ вæййы, уыдонмæ дæр нæ зæрдиагæй фæхонынц. Арæх нæ аивад равдисæм нæ республикæйы быдырон æмæ хохаг хъæуты цæрджытæн. Концерттимæ ацæудзыстæм Фыййагдонмæ. Бузныг мæ зæгъын фæнды нæ республикæйы хицауадæн, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийæн, культурæйы министр Галазты Эдуардæн, филармонийы директор Къубалты Эльбрусæн, РЦИ-Аланийы Композиторты цæдисы сæрдар Махъоты Ацæмæзæн, адæмон сфæлдыстады республикон хæдзары директор Лалыты Хъазыбегæн æмæ национ паддзахадон оркестры аивадон разамонæг æмæ дирижер, УФ-йы адæмон артист Гæздæнты Булатæн, стæй нæ аивадуарзджытæн. Ныртæккæ та кусæм ног музыкалон уацмыстыл. Октябры та уæ хондзыстæм нæ радон сфæлдыстадон изæрмæ, — фехъусын кодта Ходы Олег.

**ГАСАНТЫ Валери**

Гидрометцентр хъусын кæны

# Боныхъæд июлы

**Июл (сусæны мæй) афæдзы тæккæ тæвддæр мæй. 22 июнæй — ома, хур рахæтæны бонæй — фæстæмæ хур разилы зымæгмæ, сæрд та — тæвдмæ. Хуры цыд цыбырдæр кæнын райдайы, хъармыл та æфты. Ацы ныхас хауы нæ республикæмæ дæр.**

Арæх июлы республикæйы хохрæбын районты уæлдæфы рæстæмбис температурæ вæййы 20-22, быдырон районты та — 25 градусы хъарм. Ростовы гидрометцентры рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы аз Цæгат Кавказы федералон зылды фæзуатыл уæлдæфы температурæ уыдзæн нормæмæ 'ввахс. Æхсæвы уæлдæфы температурæ æрхиздзæн хъармы 14-22 градусмæ, бонæй та схæццæ уыдзæн 24-30 (хицæн бонты — 35-38) градусмæ.

Бирæазон цæстдарды бæрæггæнæнтæм гæсгæ, æппæтæй уазалдæр июл уыд 1985 азы (уыцы заман уæлдæфы рæстæмбис температурæ уыд æрмæст 17 градусы хъарм), æппæтæй тæвддæр июл та уыд 2000 азы (24 градусы хъарм).



Арæх июлы республикæйы хохрæбын районты мæймæ рауары 112-113, быдырон районты та — 42-44 миллиметры. Ацы аз дæр рауардзæн нормæмæ 'ввахс æмæ уымæй фылдæр. Рæстæггай уыдзæн тæрккъæвдатæ, хицæн бонты та уардзæн их тыхдымгæимæ.

**Светланæ СУХОВА, синоптик**

# Наркотик — цъындайы хъусы

**Астæуккаг Азийы бæстæтæй иуæй Цæгат Ирыстонмæ чи ссыд, уыцы 32-аздзыд нæлгоймаджы пъæлицæйæгтæ баурæдтой, республикæмæ наркотикон буаргъæд метадон стыр бæрцæй кæй сласта, уый тыххæй.**

Республикæйы "уазæг" Дзæуджыхъæуы куы æрбынæттон, уæд наркотик рагагъоммæ бæлвырдгонд бынæтты æвæрын райдыдта. Пъæлицæйæгтæ йæ баурæдтой, метадон хæйттæй амынд бынæтты куы æвæрдта, уæд. Пъæлицæйы кусджытæ нæлгоймагмæ куы баджигул кодтой, уæд ын йæ дыууæ цъындайы хъусты ссардтой наркотикты дозæтæ лыстæг тыхтонтæй. Метадоны дозæты иумæйаг бæрц рауад 24 граммы.

Цауы фæдыл саразтой уголовон хъуыддаг.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Арæзтад

# Фысымуат дæр хохы цъуппыл

**Дзæуджыхъæуы хуссарварсырдыгæй Гæмæх хохыл тагъд фæзындзæн алыхуызон аттракционты парк.**

Ацы раздæры фæлладуадзæн бынат 30 азæй фылдæр заууатæй лæууыдис, иу базилæг æм нæ уыдис. Фæлæ а фæстаг рæстæг разындис, хохыл ног курорт саразыны хъуыды кæмæ æрцыд, ахæм амалхъом адæм-инвестортæ.

Аттракционты парчы арæзтад абон цæуы æнæкъуылымпыйæ. 2024 азы хъуамæ скуса парчы иу хай — Гæмæх хохы цæгатварсырдыгæй, 2026 азы та сцæттæ уыдзысты аттракционты парчы хуссайраг хай æмæ нырыккон фысымуат.

**АНВАРАТЫ Валери**

# Фарны фæд

(Райдайæн 2 фарсыл)

Исламы сабитæ æнæ фыдæй баззадысты, сæ мад Марияйы æвджид. Æмæ хæдзары куыстыты уæз ииуылдæр йæ уæхсджытыл æрæнцад. Иннæрдыгæй та йæ скъолайы уроктæ дæттын дæр хъуыд. Цæмæй йæ сидзæр сабитæ æххормаг ма баййафой, стæй дарæсхъуаг дæр ма уой, уый тыххæй Мария, æхсæв-бон нæ хатгæйæ, дысвæлдæхтæй бавнæлдта, йæ размæ цы хæстæ æвæрд уыд, уыдоны æххæст кæнынмæ. Уый æхсæнадон куысты дæр уыд активон. Цалдæр хатты фæд-фæдыл æвзæрст æрцыд Уæлдæр Советы депутатæй. Цæлыччы донхорыггæнæн къанау куы къахтой, уæд дзы Мария дæр йе 'ххуысы хай бахаста.

Мария бирæ фæсивæды сæвæрдта рæствæндагыл, æмæ, се 'ппæт нымад чи фæуыдзæн, фæлæ дзы уæддæр иу-цалдæры тыххæй зæгъдзынæн. Денджызты Уырызмæг къорд азты Зилгæйы скъолайы уыд ахуыры хайады сæргълæууæг. Цомартаты Риммæ абон дæр кусы Дзæуджыхъæуы хæххонаграрон университеты кафедрæйы сæргълæууæгæй. Фидараты Сослан уыд Дзæуджыхъæуы базары генералон директор.

Марияйы тыххæй йæ хъуыдытæ зæгъы йæ раздæры ахуырдзау Дзарасаты Беллæ. Уый бирæ азты дæргъы фæкуыста Дзæуджыхъæуы 39-æм скъолайы математикæйы ахуыргæнæгæй, æмæ йын йæ хорз куысты тыххæй лæвæрд æрцыд Уæрæсейы сгуыхт ахуыргæнæджы ном. Стæй, республикæйы ахуыргæнджыты 'хсæн цы конкурстæ уыд, уым цалдæр хатты уыд уæлахиздзау. Уый загъта: "Марияйы тыххæй бирæ арфæйаг ныхæстæ зæгъæн ис. Уымæн æмæ уый уыд æцæг ахуыргæнæг, куыст иттæг хорз чи зыдта, ахæм зондамонæг. Уый уыд домаг, фыццаджыдæр, йæхицæй, стæй, кæй хъомыл кодта, уыдонæй дæр.

Бафиппайын хъæуы уый, æмæ скъолайы æппæтæй зындæр кусæн вæййы райдайæн кълæсты ахуыргæнджытæн, уымæн æмæ ахуыргæнæг хъуамæ зона, иу предмет нæ, фæлæ цалдæр. Иннæрдыгæй та, райдайæн кълæсты чи фæахуыр кæны, уыдон вæййынц нырма æвзонггуырдты уавæры, æмæ ахуыргæнæджы амындытæ рæстмæ нæ фембарынц. Æмæ уæд ахуыргæнæджы бахъæуы иу-цалдæр хатты урочы æрмæг фæлхат кæнын, цæмæй йæ сабитæ бамбарой. Уымæй уæлдай, раздæр заманты райдайæн кълæсты нымæц дзæвгар фылдæр уыд. Ныры рæстæг кæд кълæсты нымæц хæццæ кæны дыууæйы онг, уæд раздæр та уыдысты цыппар кæнæ фондз. Æмæ, кълæсты цы ахуырдзаутæ уыд, уыдоны нымæц дæр дзæвгар фылдæр уыд. Æз цы кълæсы ахуыр кодтон, уым уыд дыууын иу сабийы. Мария удуæлдай фыдæбон кодта, ахуыр нæ кодта, цæмæй царды раст фæндагыл æрлæууæм æмæ дзы аккаг бынат æрцахсæм. Уый мын йæ фыццаг уроктæй фæстæмæ йæхи афтæ бауарзын кодта æмæ йын фæзмыдтон йæ алы ныхас, алы фæзылд дæр. Уый мын бауарзын кодта, ахуыргæнæджы дæсныйад дæр. Æмæ дзы сæрыстыр дæн, мæ цæсты у бæрзонд, мæ зæрдæйы та — арф æвæрд. Кæд мæ къухы исты бафтыд хорзæй саразын, уæд уый фæрцы. Цалынмæ адæймаджы цæст æрттива, уæдмæ йæ сурæт мæ зæрдæйы цæрдзæн".

Марияйы удуæлдай фыдæбæттæ уæлдæр хицауадæй æнæрхъуыдыйæ нæ баззадысты. Уый хорзæхджынгонд æрцыд бирæ майдантæ æмæ кады гæххæттытæй...

Уыд хæларзæрдæ, куыстуарзон, фæсивæды хъысмæтыл чи мæт кодта, йæ разæй æгъдау, æфсарм кæмæн цыдысты, ахæм нæртон сылгоймаг-ахуыргæнæг. Уый фæсивæдæн канд зонындзинæдтæ нæ лæвæрдта, фæлæ сæ ахуыр кодта, цæмæй сæ фидæны рауайа æцæг ирон лæппутæ æмæ чызджытæ. Æмæ уымæн баззад сæ зæрдæты йæ сурæт цæргæйæ.

**ХÆМЫЦАТЫ Раман, "Иры Стыр Ныхас"-ы Рахизфарсы районы хайады ирон æгъдæутты комитеты сæргълæууæг**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

**ЗАЩИТА САДА ОТ ВРЕДИТЕЛЕЙ.**
**Профессиональная санитарная обработка (опрыскивание) плодовых деревьев и кустарников винограда, цветов.**
**Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Гобозты Агуындæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редакортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редакортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2961.
Заказ № 782.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**